




NEW YORK STATE
NETWORK FOR
YOUTH SUCCESS



ZOUTI OTOEVALYASYON KALITE (QSA), TWAZYÈM EDISYON

USER'S GUIDE – HAITIAN CREOLE

BYENVENI !



Byenveni ! Zouti ki rele rezo Eta Nouyòk pou otoevalyasyon kalite siksè jèn(Quality Self-Assessment, QSA) se yon enstriman founisè pwogram aprelekòl, ete ak aprantisaj pwolonje itilize pou evalye kalite pwogram yo a ak pou ede estaf ak pati konsène yo kreye yon planaksyon pou amelyorasyon pèmanan pwogram yo. Zouti QSA a se yon resous ki batì sou eksperyans, konesans ak rechèchè sou founisè pwogram aprelekòl ak moun k ap fè regleman nan peyi a.

Estrikti zouti QSA

Zouti QSA a òganize apati eleman esansyèl yon pwogram aprelekòl efikas kote tout soti nan pratik ki baze sou prèv. Anba chak eleman, w ap jwenn yon lis karakteristik ki dekri pratik sa a. Nou rele sa yo “endikatè kalite”. Yon siy etwal (*) akote yon endikatè vle di li enpòtan pou konsidere avan pwogram lan kòmanse oswa pou pwogram k ap fonksyone kounye a, pi vit posib.

Yo divize chak endikatè an kat nivo metriz. Nan chak nivo, ou pral jwenn egzanz ki dekri kisa nivo metriz sa a ka sanble nan yon pwogram reyèl. Egzanz sa yo la pou ede fè sipozisyon sou pwosesis otoevalyasyon an. Ou ta dwe itilize yo pou ede w konnen ki nivo ki plis sanble pwogram/òganizasyon pa w la. Nan chan endikatè, ou ta dwe mande tèt ou, “Èske pwogram mwen an plis sanble yon 1, 2, 3, oswa 4?” Kòm yon pati nan aspè otoevalyasyon zouti QSA aw ap itilize sistèm klasman sa a pou evalye siksè pwogram ou an nan praktike chak endikatè nan yon eleman. Yo ta dwe diskite rezulta klasman sa yo kòm yon gwoup pou nou ka gen yon pèspektiv konplè sou pwogram yon lokal, fonksyònman ak jesyon. Sa pral ede w wè kote pwogram ou an ap byen mache ak kote li merite amelyore.

Men sistèm klasman nivo pèfòmans lan:

4

**EKSELAN/DEPASE NIVO
NÒM OFISYÈL YO:**

Li pre pou ede ak travay avèk lòt moun nan domèn sa a.

3

**SATISFEZAN/SATISFÈ
NÒM YO:**

Li bezwen ede prepare estaf la pou travay avèk lòt moun nan domèn sa a.

2

**GEN KÈK PWOGRÈ/
TOUPRE NÒM YO:**

Li ta ka itilize èd anplis yo vize nan domèn sa a.

1

**LI DWE AMELYORE/
NÒM YO PA SATIFÈ:**

Li bezwen anpil sipò nan domèn sa a.

Nou atann pou òganizasyon yo lite pou yon nivo pèfòmans ki satisfézan(nivo 3nan tout endikatè kalite ki nan chak eleman kalite pwogram lan. Pandan tan ap pase, pwogram yo ta dwe kontinye lite pou yon nivo pèfòmans ki ekselan (nivo 4). Nan nivo pèfòmans sa a, òganizasyon toujou montre prèv pratik ki pwomèt nan tout eleman pwogram lan, yo sèvi kòm modèl pou lòt pwogram aprelekòl yo epi yo fòme ak sipòte estaf pou lòt pwogram aprelekòl pou yo ka sèvi kòm antrenè ak modèl pou lòt founisè.

Planifikasyon ak amelyorasyon pwogram avèk zouti QSA a

Pwosesis otoevalyasyon an ofri tout eleman enpòtan poui planifikasyon ak amelyorasyon pwogram lan tankou idantife domèn ki bezwen amelyorasyon, fikse objektif ak delè, jwenn resous ak bay responsablitè pou estrateji. Pou pwogram ki deja gen yon pwosesis pou amelyorasyon pwogram tankou reyonyon anyèl, itilizasyon rezulta zouti QSA a ka rantre nan pwoesis la epi li ka gide w nan konvèrsasyon w. Nan zouti QSA a gen kote pou bay priyorite pou efò amelyorasyon lè w make yo kòm bezwen pou amelyorasyon “Imedyatman,” “ane sa a,” oswa “ane pwochen.” Chak pwogram ta dwe kreye yon planaksyon pou amelyorasyon apre yo fini ak otoevalyasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon, zouti ak resous pou ede w ak pwosesis QSA ou a, ale sosu <http://networkforyouthsuccess.org/qsa/>

ELEMAN 1

Anviwònman ak klima

Yon pwogram kalite ki ofri yon anviwònman ansekirite, sansante ak agreyab pou tout patisipan, manm estaf ak fanmi.

YON PWOGRAM KALITE:

Fizik

1. *Li ofri yon anviwònman ki estimilan, angajan, akeyan epi ki bay sipò pou tout patisipan.
2. *Li asire espas pwogram lan ansekirite, pwòp ak ekipe kòmsadwa.
3. *Li devlope, aplike ak pataje plan ak pwosedi sekirite ki apwouve avèk estaf, fanmi ak lekòl k ap òganize a si sa aplikab.
4. *Li ofri sipèvizon patisipan ki efikas adilt ki apwouve fè toutan.
5. * Li devlope ak jere pwosedi pou arive ak ranwa ki efikas ak planifye pou tounen laky ansekirite.
6. *Li ofri snacks ak/oswa soupe ki bon pou lasante ak nourisan.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT-MAN	ANE SA A	ANE PWOCHÈN

Emosyonè

7. * Li okouran dosye epi li sipòte estaf la pou konsidere bezwen mantal ak fizik patisipan yo dapre HIPAA ak FERPA.
8. Li tabli, kenbe ak distribiye yon kòd konduit ki gen respè bay estaf, patisipan ak fanmi yo.
9. Li aplike yon metòd pou jesyon konpòtman ki gen ladan ranfòsman pozitif ak konstriksyon ladrès sosyoemosyonèl.
10. Li planifye avèk entansyon, akeyi ak kreye pou yon anviwònman ki sipòte yon fason aktif patisipan ki gen divès kapasite.
11. Li anbrase diyite tout patisipan, ankouraje yons apatenans ak pwomote sekirite fizik ak emosyonèl atravè yon kilti sipò, sèvis enklizyon ak respè yonn pou lòt.

REMAK:

ELEMAN 2

Administrasyon ak Òganizasyon

Yon pwogram kalite gen sistèm ki byen devlope ak jesyon fiskal pou sipòte ak rantòse pwogramsyon ak aktivite pou tout patisipan.

Sonje: Yo mezire kèk endikatè administratif pi ba ak yon lis bagay pou fè olye ak yon echèl 1-4. Pou endikatè sa yo, make sa pwogram ou a genyen epi kite vid sa ki poko fini yo

YON PWOGRAM KALITE:

- a. *Li kenbe tout dokiman ki obligatwa yo (paegzanp pèmi, otorizasyon, sekiriteasirans, etc.) lè sa aplikab.
- b. *Li gen dokiman efektif/enskripsyon ki konplè ak aktyèl pou tout patisipan.
- c. *Li kenbe dosye medikal ki presi ak aksesisb sou patisipan ke yo pataje si gen bezwen epi ki konfòm ak regleman HIPAA yo.
- d. *Li fè tout rapò epi li soumèt yo atan.
- e. *Li gen non direktè lokal ak estaf ki respekte reglemen eta sou trening lè sa aplikab.
- f. *Li kenbe pwopòsyon(ratio) estaf/patisipan dapre regleman eta a lè sa aplikab.
- g. *Li fè tout egzèsis sekirite/ensandi ki obligatwa yo
- h. *Li kominike sou regleman ak atant yo tankou prezans avèk paran.
- i. *Li kreye, li itilize avèk konsistans epi li revize yon manyèl pou anplwaye ki klarifye regleman ak pwosedi yo tankou yon strikti salè ki klè pou estaf pwogram.
- j. *Li gen yon regleman klè pou enklizyon tout jèn tankou sa yo ki gen divès kapasite.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT- MAN	ANE SA A PWOCHEN	ANE PWOCHEN
1. *Li tabli ak kenbe yon bazdone santralize sou enfòmasyon sou patisipan ak pwogram tankou done sou prezans patisipan ke yo revize ak sipèvize regilyèman.						
2. *Li dokimante kote patisipan yo ye pandan lè pwogram yo tankou lè rive ak lè ranvwa.						
3. *Li ofri sekirite sifizan pou pwogram lan.						
4. *Li apwouve bidjè, li revize ak adapte bidjè chak peryòd.						
5. Li negosye itilizasyon lekòl, òganizasyon kominotè ak resous kominote a omaksimòm pou satisfè pi byen bezwen patisipan ak fanmi yo.						
6. Li bati konfyans ak transparans pou tout patisipan, fanmi ak estaf atravè komunikasyon regleman ak pwosedi ki klè pou pataje done.						

REMAK:

ELEMAN 3

Relasyon

Yon pwogram kalite devlope, favorize ak kenbe relasyon ak entèaksyon pozitif pari estaf, patisipan ak kominote.

REMAK:

ELEMAN 4

Manm estaf ak fòmasyon pwofesyonèl

Yon pwogram kalite rekrète, anboche ak fòme divès manm estaf ki konprann, bay valè ak pwomote bon kalite pratik.

YON PWOGRAM KALITE:

Fòmasyon Pwofesyonèl san rete

1. * Li angaje nan fòmasyon pwofesyonèl ak yon kilti aprantisaj, jan direktè ak estaf ki patisipe nan trening epi ki fasilité refleksyon sou gwoup apre trening yo pwouve lòkòm yon pati nan sistèm amelyorasyon k ap kontinye fèt toutan yo.
2. Li ofri opòtinite pou pwogrè pwofesyonèl ak bon jan devlopman ladrès nan bay sipò tankou trening, antrènman, sipèvizon ak aprantisaj ant kamarad.
3. Li devlope ak sipòtè estaf pou planifye aktivite solid ki koresponn ak bezwen devlopman patisipan tankou patisipan ki gen divès kapasite ak elèv k ap aprann lang anglè (English language learners, ELL).
4. Li travay ak estaf la pou pran sètifikasi ak kredi lè sa disponib.
5. Lè sa apwopriye, li fòme ak sipòtè estaf pou ofri opòtinite nan edikasyon pou adilt k ap aprann epi travay avèk yo.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT- MAN	ANE SA A PWOCHÈN	ANE PWOCHÈN

Anbochaj/estaf ki abò

6. *Li rekrète, anboche ak fòme estaf ki montre divèsite ak kilti kominate a.
7. *Li aplike yon oryantasyon estanda ki gen kilti òganizasyon/pwogram, misyon ak objektif ak atant pwofesyonèl.
8. *Li asire manm estaf yo gen konpetans nan estrateji enstriksyon ak matyè debaz espesifik lè sa apwopriye.

Estrikti pwogramasyon

9. Li gen lidèchip ki ofri sipèvizon apwopriye, sipò ak opòtinite pou estaf fè kòmantè ak kolabore.
10. Li gen reyinyon estaf regilyèman kote ki gen pataj ide ak refleksyon.

Evalyasyon estaf

11. Li itilize yon metòd transparan pou evalye pèfòmans estaf
12. Li angaje estaf la nan amelyorasyon toutan ki baze sou rezulta evalyasyon ak kòmantè prensipal konsène yo.

REMAK:

ELEMAN 5

Pwogramasyon ak aktivite

Yon pwogram kalite ofri yon divès aktivite ki byen òganize ak opòtinité ki sipòte pwogrè fizik, sosyal ak koyitif ak fòmasyon tout patisipan.

YON PWOGRAM KALITE:

- * Li ofri aktivite ki gen ladan misyon ak objektif pwogram lan.
 - Li itilize yon pwogram ak orè ki konsidere bezwen antye timoun lan tankou bezwen fizik, sosyal, ak emosyonèl tout patisipan.
 - * Li fè aktivite ki apwopriye onivo devlopman dapre laj ak nivo kapasite patisipan epi li pèmèt patisipan yo devlope nouvo kapasite pandan ane pwogram lan.
 - * Li ofri aktivite ki baze sou pwojè, sou eksperyans ki ankouraje kreyativite, ki montre enterè patisipan epi ki ofri opòtinite pou devlopman kapasite ak aplikasyon konesans.
 - Li chèche komantè patisipan yo regilyèman pou konnen ki amelyorasyon pou l pote.
 - * Li ofri yon kantite bon kalite sipò akademik tankou leson patikilye, sal etid ak/ oswa èd pou devwamezon jan sa apwopriye pou pwogram lan ansanm ak opòtinite pou ranfòsman nan arts, rekreyasyon ak sante.
 - * Li gen ladan aktivite ki gen lang ak kilti patisipan yo ak fanmi yo.
 - Li entegre opòtinite pou prizdesizyon ki responsab ak devlopman ladrès sosyal ak emosyonèl yo.
 - Li ofri akomodasyon responsab ak materyèl espesyal si sa nesesè pou tout patisipan pandan pwogram lan ak nan evènman espesyal yo.
 - Li itilize estrateji enstriksyon ki varye.
 - Li ofri opòtinite regilyèman pou soti deyò tankou pwomnad andeyò lekòl la.
 - Li ofri sipò pandan patisipan yo ap fè tranzisyon nan gwooup laj, klas lekòl ak/ oswa nan jounen lekòl pou rive nan aprelekòl.
 - Li ofri aktivite ki devlope konpetans global patisipan yo, li batí ladrès 21yèm syèk epi li prepare yo pou kolèj, karyè ak sitwayènte.
 - * Li itilize pwogramsyon, plan leson ak kourikoulòk yo avèk entansyon.
 - Li itilize yon orè pwogram ki limite tan atant patisipan ak entèripsyón ant aktivite ak lè y ap fè tranzisyon nan yon espas pou ale nan yon lòt.
 - Li asire ekipman yo òganize, antreteni, aksesib ak ranje avan aktivite yo.
 - Li kenbe orè aktivite ki aktyèk ak presi avèk sal yo mete ki aksesib pou patisipan, estaf ak fammi.

REMAK

ELEMAN 6

Li tabli lyen solid ak jounen lekòl la

Yon pwogram kalite fè estaf li travay nan kolaborasyon ak estaf lekòl pou asire eleman akademik ak aktivite aprelekòl yo adapte ak nòm aprantisaj epi kontribiye nan devlopman pozitif patisipan pwogram lan anjeneral.

YON PWOGRAM KALITE:

Pwogram nan lekòl ak pwogram ki nan sant, lè sa apwopriye

1. * Li rankontre regilyèman avèk direktè yo, responsab lekòl ak/oswa lyezon ki reprezante yo, ak pwofesè ki nan lekòl kote patisipan pwogram lan ye.
2. Li enkòpore pwogramasyon ki adapte/konplete nòm aprantisaj yo pou diferan gwoup laj yo sèvi.
3. Li kominike regilyèman avèk estaf jounen lekòl la pou rete enfòme sou pwogrè akademik ak konpòtman patisipan yo.
4. Li bay ase tan nan orè aktivite a pou èd nan devwamezon, etid ak/oswa leson patikilye epi li gen ase resous tankou estaf ki gen konesans, ki byen antrene ak yon espas ki bon pou yon anviwònman aprantisaj ki pozitif.
5. Li reprezante ak patisipe aktivman nan efò planifikasyon lekòl la.
6. Li anplwaye oswa lekòl la nome yon kowòdonatè nan edikasyon pou sèvi kòm yon “pon” ant jounen lekòl la ak pwogram aprelekòl la.
7. Nan kolaborasyon avèk adminiostrasyon lekòl, li bay tan ak resous pou fòmasyon pwofesyonèl ansanm ki fasilité patisipasyon ni òganizasyon kominotè ni estaf jounen lekòl la.

	NIVO PÈFÒMANS				IMEDYAT- MAN	ANE SA A	ANE PWOCHÈN
	1	2	3	4			
1. * Li rankontre regilyèman avèk direktè yo, responsab lekòl ak/oswa lyezon ki reprezante yo, ak pwofesè ki nan lekòl kote patisipan pwogram lan ye.							
2. Li enkòpore pwogramasyon ki adapte/konplete nòm aprantisaj yo pou diferan gwoup laj yo sèvi.							
3. Li kominike regilyèman avèk estaf jounen lekòl la pou rete enfòme sou pwogrè akademik ak konpòtman patisipan yo.							
4. Li bay ase tan nan orè aktivite a pou èd nan devwamezon, etid ak/oswa leson patikilye epi li gen ase resous tankou estaf ki gen konesans, ki byen antrene ak yon espas ki bon pou yon anviwònman aprantisaj ki pozitif.							
5. Li reprezante ak patisipe aktivman nan efò planifikasyon lekòl la.							
6. Li anplwaye oswa lekòl la nome yon kowòdonatè nan edikasyon pou sèvi kòm yon “pon” ant jounen lekòl la ak pwogram aprelekòl la.							
7. Nan kolaborasyon avèk adminiostrasyon lekòl, li bay tan ak resous pou fòmasyon pwofesyonèl ansanm ki fasilité patisipasyon ni òganizasyon kominotè ni estaf jounen lekòl la.							

Pwogram ki nan lekòl la

8. *Li planifye ak asire angajman resous yo avèk direktè lekòl la, lè sa apwopriye epi itilize yon memorandòm konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) fòmèl oswa Akò sou afilyasyon lekòl(School Partnership Agreement, SPA).
9. Li kominike avèk lekòl la epi li adapte regleman yo pou travay avèk patisipan ki gen dovès kapasité.
10. Li travay ansanm pou tabli ak swiv yon kòd konduit komen ak langaj ki sipòte devlopman sosyal ak emosyonèl patisipan yo.

REMAK:

ELEMAN 7

Patisipasyon ak angajman jèn

Yon pwogram kalite ofri opòtinite pou patisipan angaje nan planifikasyon, pou egzèse chwa, ak patisipe nan yon divès bon kou.

YON PWOGRAM KALITE:

1. Li angaje patisipan ak adilt pou ankouraje patisipasyon ki konsistan ak aktif.
2. Li angaje patisipan ak adilt pou devlope ak ankouraje yon kilti respè ak regleman disiplin yo konstwi ansanm.
3. Li angaje patisipe nan kreyasyon pwogram ak aplikasyon yo nan yon bon fason.
4. Li angaje patisipan yo nan koleksyon done ak evalyasyon pou rapò wogram ak objektif amelyorasyon k ap kontinye nan yon bon fason.
5. Li angaje patisipan yo ak adilt yo pou fè aktivite ki fè sans, ki ka aplike nan mond reyèl la, epi ki fèt dapre enterè patisipan yo.
6. Li gen yon kilti ki ankouraje jèn pran inisyativ, eksplore sa yo renmen, fikse objektif pou reyalizasyon pèsonèl ak travay pou reyalize yo.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT- MAN	ANE SA A	ANE PWOCHÈN

REMAK:

ELEMAN 8

Afilyasyon paran, fanmi ak kominote

Yon pwogram kalite tabli yon afilyasyon solid avèk fanmi ak kominote pou yo ka reyalize objektif pwogram lan.

REMAK:

ELEMAN 9

Dirabilite ak devlopman pwogram

Yon pwogram kalite gen yon vizyon/mision koyeran ak yon plan pou ogmantasyon kapasite ki sipòte devlopman kontini.

YON PWOGRAM KALITE:

1. *Li gen yon deklarasyon misyon espesifik sou pwogram, yon vizyon, objektif ak rezulta entasyonè ki ekri.
2. Li angaje patisipan, fanmi, estaf ak lòt konsène ki apwopriye nan prizdesizyon ak nan efò planifiksyon alontèm.
3. Li gen yon plan alontèm pou kenbe pwogram aprelekòl la, tankou yon plan finansman sou plizyè ane avèk sous lajan ki soti diferan kote.
4. Li gen aksè nan resous ki nan kominate a ak lòt kote nan bati ralasyon avèk biznis ak enstitisyon lokal yo epi chèche sipò nan men yo.
5. Li kiltive ak kenbe relasyon avèk defansè pou kalite ak disponiblite pwogram lan tankou lidè kominotè, biznis ak otorite ki eli nan tout nivo.
6. Li gen yon estrateji piblisite ki efikas ki pibliye pwogram lan ak sa li reyalize nan lekòl la ak nan kominate a.
7. Li envite manm komite a, otorite eli yo ak lòt VIP pou vizite pwogram aprelekòl la.
8. Li patisce nan opòtinite pou defans dwa moun ki òganize pou fè piblisite pou pwogram aprelekòl.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT- MAN	ANE SA A PWOCHÈN	ANE PWOCHÈN

REMAK:

ELEMAN 10

Mezire rezulta ak evalyasyon

Yon pwogram kalite gen yon sistèm pou mezire rezulta ak itilize enfòmasyon pou planifikasyon, amelyorasyon ak evalyasyon k ap kontinye.

YON PWOGRAM KALITE:

1. * Li gen objektif pwogram ou ka mezire ak rezulta yo te prevwa ki adapte avèk misyon, vizyon ak bezwen òganize yo idantifye.
2. *Li devlope ak/oswa planifye pouu evalyasyon pwogram ki gen ladan koleksyon done sou kalite ak sou kantite.
3. Mezire pwogrè patisipan dapre done sou kantite ak sou kalite pou idantifye rezulta.
4. Li idantifye ak pataje pratik ki pwomèt.
5. Li fè rezime evalyasyon ak/oswa lòt done yo kolekte ba publik jeneral la.
6. Li kreye yon metòd entèn pou evalye aktivite pwogram yo.
7. Li kreye yon metòd entèn pou evalye pèfòmans estaf.
8. Li kreye yon metòd entèn pou evalye nivo angajman patisipan.
9. Li gen ladan kòmantè konsè yo nan evalyasyon pwogram lan.
10. Li itilize rezulta evalyasyon ki pou amelyorasyon kontini pwogram lan.

NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
1	2	3	4	IMEDYAT-MAN	ANE SA A	ANE PWOCHEN

REMAK:

SIPLEMAN

Aprantisaj STEM kip a fòmèl

Yon pwogram STEM kalite angaje patisipan nan eksplorasyon, kreye ak bati ladrès ak konesans ki aplikab nan sitiyasyon reyèl mond lan ak karyè lavni epi ki kreye enterè pèmanan nan aktivite STEM.

Sonje: Yo mezire kèk endikatè administratif pi ba ak yon lis bagay pou fè olye ak yon echèl 1-4. Pou endikatè sa yo, make sa pwogram ou a genyen epi kite vid sa ki poko fini yo

YON PWOGRAM KALITE:

- a. Li gen estaf ki prepare sal la ak materyèl yo davans pou bay patisipan tan omaksimòm pou yo patisipe.
- b. Li matche materyèl ak ekipman STEM yo ak patisipan yo, lè yo konsidere enterè, kapasite ak sekirite.

	NIVO PÈFÒMANS				PLAN POU AMELYORE		
	1	2	3	4	IMEDYAT- MAN	ANE SA A PWOCHÈN	ANE PWOCHÈN
1. Li ranje espas pou ankorage eksplorasyon STEM nan kolaborasyon avèk estaf yonn lòt.							
2. Li gen estrikti tankou orè, fòmasyon estaf, fòmasyon jèn, etc., ki sipòte tout patisipan ki gen aksè nan aktivite ranfòsman aprantisaj STEM.							
3. Aktivite STEM pou avanse nan konpreyansyon yon lide STEM oswa developman yon pratik STEM.							
4. Li ofri patisipan yo opòtinite pou angaje nan aktivite pratik ki egzise panse kritik.							
5. Li asire fasilitatè STEM yo montre yon konpreyansyon presi kontni STEM yo.							
6. Li ofri opòtinite pou patisipan itilize metòd otantik pwofesyonèl STEM yo itilize dapre laj awopriye yo sipòte.							
7. Li devwe lè pou patisipan montre aksyon yo ak developman nan chak aktivite STEM.							
8. Li gen ladan tout patisipan nan aktivite STEM, nan tout nivo aktivite a.							
9. Li sipòte patisipan yo na rekonèt sans ak enpòtans aktivite STEM nan lavi yo.							
10. Li sipòte patisipan yo nan pran responsabilite aprantisaj STEM yo ak nan pataje ide yo avèk kominote yo.							
11. Li konekte patisipan yo avèk pwofesyonèl STEM ki gen divès orijin pou ankorage reyalizasyon karyè STEM ak/oswa enterè pèmanan nan objektif STEM yo.							

Enstiti PEAR devlope yon estrikti ki gen 12 dimansyon pou defini kalite pou pwogramasyon STEM nan aprelekòl (dimansyon siksè (Dimensions of Success, DoS). Endikatè nan zouti otoevalyasyon sa a te baze sou 12 dimansyon sa yo epi konsiltasyon avèk chèche DoS yo nan PEAR te kondui na kat definisyon nivo pèfòmans yo tou. Pandan bagay sa yo pa matche egzakteman ak ribrik DoS yo estrikti koreksyon, yo byen adapte epi pifò langaj yo itilize la a yo pran l nan estrikti DoS. Zouti planifikasyon pwogram DoS yo ki disponib nan sitwèb PEAR Institute la <http://www.thepearinstitute.org>, te enfliyanse anpil endikatè STEM yo.

